



Prezidan Thomas S. Monson

Se pou nou yon egzanp ak yon limyè

Si nou suiv egzanp Sovè a, n ap gen posiblite pou nou se yon limyè nan lavi lòt moun.

Frè byeneme m yo, ala sa bon pou nou ansanm yon fwa ankò. Jan nou konnen, depi apre rankont nou an Avril dènye a, nou te atriste pa lanmò twa nan Apot byeneme nou yo—Prezidan Boyd K. Packer, Èldè L. Tom Perry, ak Èldè Richard G. Scott. Yo retounen al nan fwaye selès yo. Nou sonje yo. Nou rekonesan anpil pou egzanp amou kretyen yo ak pou ansèyman enspire yo kite pou nou tout yo.

Nou swete yon byenveni plen chalè pou nouvo Apot nou yo, Èldè Ronald A. Rasband, Èldè Gary E. Stevenson, ak Èldè Dale G. Renlund. Mesye sa yo devwe nan travay Senyè a. Yo byen kalifye pou ranpli pozisyon enpòtan yo aplè yo a.

Dènyèman, pandan m t ap li ak medite sou ekriti yo, de pasaj patikilye te rete nan lespri mwen. Nou konn toulède. Premye a se nan Diskou sou Mòn nan: “Se pou limyè nou klere devan tout moun, pou lè yo wè tout byen n ap fè, ya fè Iwanj Papa nou ki nan Syèl la.”¹ Dezyèm ekriti a se youn ki te vin nan lespri m pandan m t ap

medite sou siyifikasyon premye a. Li soti nan Epit Apot Pòl te voye bay Timote a: “Se pou ou rete yon egzanp pou moun ki kwè yo, nan pawòl, nan konvèsasyon, nan charite, nan lespri, nan lafwa, nan pite.”²

M kwè dezyèm ekriti a grandman eksplike kijan nou ka akonpli premye a. Nou vin egzanp pou kwayan yo lè nou viv levanjil Jezikri a nan pawòl, nan konvèsasyon, nan charite, nan lespri, nan lafwa, ak nan pite. Si nou fè sa, limyè nou ap briye pou lòt moun ka wè.

Nou chak ki vin sou tè a te resevwa Limyè Kris la. Si nou suiv egzanp Sovè a epi nou viv jan l te viv ak jan l te anseye a, limyè sa a ap briye andedan nou e l ap klere chemen pou lòt moun.

Apot pòl bay lis sis kalite yon kwayan, kalite k ap pèmèt limyè nou briye. Annou egzamine yo chak.

M ap mansyone de premye kalite yo ansanm—se pou nou yon egzanp nan pawòl ak nan konvèsasyon. Pawòl nou itilize yo kapab edifye ak enspire, oubyen yo ka blese ak rabese. Nan

mond la jodia, gen yon eksè vilgarite ki sanble yo antoure nou prèske tout kote n vire. Li difisil pou n evite tande non Divinite a y ap itilize nenpòt kijan e san kondisasyon. Sanble kòmantè vilgè yo vin yon bagay kouran nan televizyon, nan fim, nan liv ak nan mizik. Yo itilize remak kalomni ak langaj rayiman san rete. Annou pale avèk lòt moun avèk amou ak respè, annou toujou kenbe langaj nou pwòp epi evite mo ak kòmantè ki ka blese oubyen ofanse moun. Se pou nou suiv egzanp Sovè a, ki te pale avèk tolerans ak jantiyès pandan tout ministè li.

Dezyèm kalite Pòl mansyone a se charite, ke nou defini kòm amou pi Kris la.³ M sèten ke, andedan domèn enfliyan nou, gen moun ki solitè, ki malad, ak moun ki santi yo dekouraje. Nou gen opòtinite pou ede yo ak remonte moral yo. Sovè a te pote espwa bay moun dezespere ak fòs bay moun fèb yo. Li te geri malad; li te fè moun kokobe mache; avèg te wè, moun soud te tande. Li te menm leve moun mouri. Pandan tout ministè li, li te lonje lamèn nan charite bay tout moun ki te nan bezwen. Si nou imite egzanp li, n ap beni lavi anpil moun, enkli pa nou.

Après, nou dwe yon egzanp nan espri. Pou mwen menm, sa vledi nou dwe eseye gen bonte, rekonesans, padon, ak byenveyans nan lavi nou. Kalite sa yo ap pèmèt nou gen yon espri k ap touche lavi moun bò kote nou. M te gen opòtinite pandan ane yo pou m te kotwaye anpil moun ki posede yon espri konsa. Nou santi yon bagay espesyal lè nou avèk yo, yon santiman ki fè nou vle kotwaye yo epi suiv egzanp yo. Ou santi

Limyè Kris la reyone nan yo e yo ede nou santi amou Li pou nou.

Pou ilistre kijan lòt moun rekonèt limyè ki soti nan yon espri pi ak eman an, kite m pataje avèk nou yon eksperyans m te fè sa gen kèk ane.

Nan epòk sa a, dirijan Legliz yo t al rankontre moun ofisyèl nan Jerizalèm yo pou yo te etabli yon kontra lwaye pou teren kote Sant Legliz la ta pral bati a nan Jerizalèm nan. Pou n te ka jwenn pèmasyon nesèsè yo, Legliz la te oblije dakò pou okenn nan manm nou yo ki ta pral viv nan sant la pa t preche moun. Apre yo te fin siyen kontra a, youn nan ofisyèl Izrayelyen yo, ki te byen konnen legliz la ak manm li yo, te fè remak ke l te konnen Legliz la t ap onore akò pou l pa preche a. Epi, pandan l t ap fè referans ak etidyan ki t ap gen pou vini yo, li te di: “Men, kisa nou pral fè avèk limyè ki pral nan rega yo a?”⁴ Se pou limyè espesyal sa a toujou briye andedan nou, pou lòt moun ka rekonèt li ak apresye li.

Pou nou yon egzanp nan lafwa, sa vledi pou nou gen konfyans nan Senyè a ak nan pawòl li. Sa vledi nou posede ak nourri konviksyon ke l ap gide panse nou ak aksyon nou. Lafwa nou nan Senyè a, Jezikri, ak nan Pè Selès la ap enfluyansè tout sa n ap fè. Nan mitan konfizyon epòk nou an, pwoblèm konsyans yo, ak ajitasyon lavi kotidyèn yo, yon lafwa konstan ap vin yon ankraj pou lavi nou. Sonje lafwa ak dout pa ka egziste nan menm lespri a an menm tan, paske youn ap chase lòt la. M ap repete sa nou toujou di san rete a—pou nou ka akeri ak kenbe lafwa nou bezwen an, li esansyèl pou nou li ak etidye ak medite ekriti yo. Kominike avèk Pè Selès la atravè lapriyè enpòtan. Nou pa ka pèmèt nou neglije bagay sa yo, paske, advèsè a ak lame l yo toujou ap chèche jwenn yon feblès lakay nou, yon ratman nan fidelite nou. Senyè a di: “Chèche avèk dilijans, priye tout tan, epi kwè, epi tout bagay ap travay ansanm pou byen nou.”⁵

Finalman, nou dwe pi, kivle di nou dwe pwòp nan kò nou, nan panse

nou, ak nan lespri nou. Nou konnen kò nou se yon tanp ke nou dwe trete avèk reverans ak respè. Espri nou dwe ranpli avèk panse edifyan ak nòb, ki ka kenbe nou lwen bagay ki ka kontamine li. Pou nou gen Sentespri a kòm konpayon konstan nou, nou dwe diy. Frè m ak sè m yo, pite ap pote lapè despri pou nou e l ap kalifye nou pou n resevwa pwomès Sovè a fè yo. Li te di: “Benediksyon pou moun ki pi nan kè yo: paske ya wè Bondye.”⁶

Si nou rete egzanp pou kwayan yo nan pawòl, nan konvèsasyon, nan charite, nan lespri, nan lafwa, ak nan pite, n ap kalifye pou n vin limyè pou mond lan.

Kite m di nou tout, e patikilyèman nou menm jèn yo, amezi mond lan ap plis anplis elwanye yo de prensip ak direkson Pè Selès eman nou an ba nou yo, nou menm n apral demake al lwen foul la paske nou diferan. N ap fè demakaj la paske n ap abiye avèk modesti. N ap diferan paske nou pap itilize langaj vilgè e paske nou pa pran sibstans ki nuizib pou kò nou. N ap diferan paske n ap evite patisipe nan plezantri inapwopriye ak remak degradan. N ap diferan si nou deside pou n pa ekspozè lespri nou anba chwa medya ki imoral ak avilisan k ap chase lespri a nan fwaye nou ak nan lavi nou. N ap sètènman demake nou si nou fè chwa konsènan moralite—chwa ki an amoni ak règ ak prensip levanjil yo. Bagay sa yo ki rann nou diferan de pifò moun nan mond la, ap ba nou limyè sa a ak espri sa a k ap briye nan yon mond k ap ogmante nan fènwa a.

Sa souvan difisil pou nou diferan e kanpe poukont nou nan yon foul. Se tou nòmal pou nou pè sa lòt moun ka panse ak di. Pawòl Som sa yo rekonfòtan: “Senyè a se limyè mwen, se li ki delivrans mwen; kimoun ki ka fè m pè? Senyè a se fòs lavi mwen; kimoun ki ka fè m tranble?”⁷ Si nou fè Kris la sant lavi nou, krent nou yo ap ranplase pa kouraj konviksyon nou.

Lavi a pa pafè pou okenn nan nou, e pafwa, pwoblèm ak difikilte n ap

rankontre yo ka vin depasan, sa ki ka lakoz limyè nou bese. Men, avèk èd Pè Selès nou an, mete avèk soutyen lòt moun, nou ka rejwenn limyè sa a k ap elimine chemen nou yon fwa ankò a e pote limyè lòt moun ka bezwen an.

Pou ilistre sa, m ap pataje avèk nou pawòl touchan yon powèm m te li sa gen plizyè ane:

*M te rankontre yon etranje
lannuit la,
ki te gen lanp li k te sispann klere.
M te fè yon ti rete pou m te fè
l limen lanp li a nan limyè pa
m nan.*

*Yon tanpèt te leve nan apre,
e l te sekwe tout mond la.
Epi lè van an te sispann
lanp mwen an te etenn!*

*Men etranje a te retounen vin
jwenn mwen;
lanp li a te byen klere!
Li te kenbe flanm presye a epi
l te limen pa m nan!*⁸

Frè m ak sè m yo, opòtinite pou nou briye yo antoure nou chak jou, nan kèlkeswa sikonstans nou ka twouve nou. Si nou suiv egzanp Sovè a, n ap gen opòtinite pou n se yon limyè nan lavi lòt moun, keseswa yo se manm fanmi nou oubyen zanmi, kòlèg travay, senp relasyon, oubyen total enkonni.

Pou nou chak m ap di, nou se yon pitit gason oswa pitit fi Pè Selès la. Nou soti nan prezans li pou n vin viv sou tè a pou yon sezon, pou n reflekte lanmou ak ansèyman Sovè a ak bravman fè limyè nou klere pou tout moun ka wè. Lè sezon sa a sou tè a fini, si nou te fè pati pa nou an, n ap resevwa benediksyon gloriye ki se retounen al viv avèk li pou tout tan an.

Ala pawòl sa yo Sovè a te di a rasiran: “Mwen se limyè mond la; moun ki suiv mwen, li p ap mache nan tenèb, men l ap gen limyè lavi a.”⁹ Konsènan Li mwen temwaye. Li

se Sovè nou ak Redanmtè nou, Avoka nou bò kot Papa a. Li se Egzanp nou ak fòs nou. Li se “limyè k ap briye nan tenèb la.”¹⁰ M priye pou nou tout k ap tande vwa m la a kapab pran angajman pou nou suiv li, epi konsa, vin yon limyè k ap briye pou mond lan, nan non sakre li, non Jezikri, Senyè a, amèn.

NÒT

1. Matye 5:16.
2. 1 Timote 4:12.
3. Mowoni 7:47.
4. Gade James E. Faust, “The Light in Their Eyes,” *Liahona*, Nov. 2005, 20.
5. Doktrin ak Alyans 90:24.
6. Matye 5:8.
7. Sòm 27:1.
8. Lon Woodrum, “Lamps,” *The Lighted Pathway*, Okt. 1940, 17.
9. Jan 8:12.
10. Doktrin ak Alyans 6:20.

Ansèyman pou epòk pa nou an

Soti Oktòb 2015 rive Avril 2016, leson katriyèm Dimanch pou Prètriz Mèlki-sedèk ak Sosyete Sekou yo dwe prepare apati youn oubyen plis nan diskou yo te bay nan konferans jeneral Oktòb 2015 la. An Avril 2016, nou gen dwa chwazi diskou yo nan oubyen konferans jeneral Oktòb 2016 la oubyen sa Oktòb 2015 la. Prezidan pieu ak distri yo dwe chwazi ki diskou pou yo itilize nan zòn pa yo a, oubyen yo ka delege responsablite sa a bay evèk yo ak prezidan branch yo.

Diskou yo disponib nan plizyè lang nan conference.lds.org.



Prezidan Henry B. Eyring

Premye Konseye nan Premye Prezidans lan

Sentespri a kòm konpayon nou

Si nou viv diy pou sa, nou ka gen benediksyon konpayi Lespri a avèk nou, non sèlman tanzantan men tout tan.

Chè frè m ak sè m yo, mwen rekonesan pou m avèk nou nan jou Saba sa a nan konferans jeneral nan Legliz Senyè a. Menmjan avèk nou, m te santi Lespri a temwaye verasite pawòl nou sot tande nan diskou yo ak nan kantik yo.

Objektif mwen jodia se pou ogmante dezi ak detèminasyon nou pou reklame don yo te pwomèt nou chak lè nou te batize a. Pandan konfirmasyon nou, nou te tande pawòl sa yo: “Resevwa Sentespri a.”¹ Apati moman sa a, lavi nou te chanje ajamè.

Si nou viv diy pou sa, nou ka gen benediksyon konpayi Lespri a, non sèlman tanzantan, tankou nan eksperyans remakab nou viv yo jodia, men tout tan. Gras ak pawòl priyè Sentsèn yo, nou konn kijan pwomès sa a reyalize: “O Bondye, Papa Etènèl la, nou mande w, nan non Pitit Gason w lan, Jezikri, pou ou beni ak sanktifeyen sa a pou nanm tout moun ki pran ladan l, pou yo kapab manje nan memwa kò Pitit Gason w lan, epi pou yo rann ou temwayaj, O Bondye, Papa Etènèl la, ke yo vle pote

non Pitit Gason w lan sou yo, pou yo toujou sonje l, epi pou yo respekte kòmandman l yo ke li te ba yo.”

Epi apres pwomès gloriye a vini: “Pou yo kapab *toujou* gen Lespri L avèk yo” (D&A 20:77; italik ajoute).

Toujou gen Lespri a avèk nou vledi nou gen gidans ak direksyon Sentespri a nan lavi kotidyèn nou. Pa egzanp, nou ka jwenn avètisman nan men Lespri a pou n reziste anba tantasyon pou nou fè mal.

Pou rezon sa a sèlman, li fasil pou nou wè poukisa sèvitè Senyè a yo ap eseye ogmante dezi nou pou adore Bondye nan reyinyon Sentsèn nou yo. Si nou pran Sentsèn nan ak lafwa, Sentespri a ap kapab pwoteje nou menm ak fanmi nou, anba tantasyon k ap vini avèk plis entansite ak frekans yo.

Konpayi Sentespri a fè sa ki bon vin pi atiran e tantasyon yo mwens enkontwolab. Sa poukout li dwe ase pou fè nou detèmine pou n kalifye pou Lespri a ka toujou avèk nou.

Menmjan Lespri a fòtifye nou kont mal la, Li ba nou pouvwa pou

n disène ant verite ak mansonj tou. Verite ki pi enpòtan an verifeye sèlman atravè revelasyon nan men Bondye. Rezonman imen nou ak itilizasyon sans fizik nou pap ase. N ap viv nan yon tan kote menm moun ki pi saj la ka gen difikilte pou l distenge ant verite ak twonpri abil yo.

Senyè a te anseye Apot li a, Thomas, ki te vle pou l te touche blesi l yo kòm prèv fizik Rezirèksyon Sovè a, ke revelasyon se yon prèv ki pi asire: “Jezi te di li, Toma, se paske ou wè m kifè ou kwè: benediksyon pou moun ki kwè san yo pa wè yo” (Jan 20:29).

Verite ki make chemen pou retouren kay Bondye yo se Sentespri a ki konfime yo. Nou pa ka ale nan boske a pou n wè Papa a ak Pitit Gason an ap pale avèk jèn Joseph Smith. Okenn prèv fizik ni agiman lojik pa ka pwouve ke Eli te vini jan l te pwomèt la pou konfere kle prèttriz yo ki detni pa yon pwofèt vivan, Thomas S. Monson.

Konfirmasyon verite a vini pou yon pitit gason oubyen yon pitit fi Bondye ki gen dwa pou l resevwa Sentespri a. Paske foste ak mansonj ka prezante devan nou nenpòt kilè, nou bezwen enfliyans konstan Lespri Verite a pou epaye nou moman dout yo.

Pandan l te manm Kolèj Douz Apot y, George Q. Cannon te mande pou nou toujou chèche gen Lespri a avèk nou. Li te pwomèt e, m ap pwomèt nou tou, ke si nou fè sa, “nou pap janm manke konesans” sou laverite, “nou pap janm nan dout ni nan fènwa,” epi “lafwa nou ap vin solid, lajwa [nou]. . . total.”²

Nou bezwen èd konstan konpayi Sentespri a pou yon lòt rezon ankò. Lanmò yon moun pa nou kapab vini

sanzatann. Se temwayaj Sentespri a sou reyalite yon Papa eman ki nan Syèl la ak yon Sovè resisite ki ka ba nou esperans ak konsolasyon lè nou pèdi yon moun. Temwayaj sa a dwe frèch lè lanmò rive.

Konsa, pou anpil rezon, nou bezwen konpayi konstan Sentespri a. Nou vle l, men nou konnen pa eksperyans ke li pa fasil pou n kenbe. Nou chak panse, di, ak fè bagay nan lavi kotidyèn nou ki ka ofanse Lespri a. Senyè a anseye nou ke Sentespri a ap konpayon konstan nou lè kè nou “ranpli ak charite” ak lè “vèti gani panse [nou] san rete” (D&A 121:45).

Pou moun ki gen difikilte pou suiv prensip elve ki nesesè pou nou kalifye pou konpayi Lespri a, m ap ofri ankourajman sa a. Gen dè fwa kote nou konn santi enfluyans Sentespri a. Nou petèt te santi l jodia.

Nou ka trete moman enspirasyon sa yo tankou semans lafwa Alma te dekri a (gade Alma 32:28). Plante chak moman sa yo. Nou ka fè sa pandan n ap aji sou enspirasyon nou santi a. Enspirasyon ki pi presye a se konnen kisa Bondye ap tann nou fè. Si se peye dim oubyen al vizite yon zanmi aflije, nou dwe fè sa. Kèlkeswa sa l ye, fè li. Lè nou montre volonte nou pou obeyi, Lespri a ap voye plis enspirasyon ba nou sou sa Bondye ta renmen nou fè pou Li.

Si nou obeyi, enpresyon Lespri yo ap vini pi souvan, e n ap vin gen konpayi li plis anplis. Pouvwa nou pou chwazi bon bagay la ap ogmante.

Nou ka konnen lè pouse pou nou aji yo soti nan Lespri a olye yo soti nan pwòp dezi pa nou. Lè enpresyon yo an amoni avèk sa Sovè a ak pwofèt ak apot vivan l yo di, nou ka chwazi pou n obeyi an tout konfyans. Lè sa a, Senyè a ap voye Lespri li pou veye sou nou.

Pa egzanp, si nou resevwa enpresyon esprityèl pou nou sanktifye Jou Saba a, espesyalman lè sa parèt difisil, Bondye ap voye Lespri li pou ede nou.

Sa gen kèk ane, papa m te resevwa èd sa a lè travay li te mennen l an

Ostrali. Li te poukont li yon jou Dimanch, epi li te anvi al pran Sentsèn. Li pa t ka jwenn okenn enfòmasyon sou reyinyon Legliz Sen Dènye jou yo. Konsa, li te kòmanse mache. Li te priye nan chak kafou pou l te ka konn ki wout pou l te pran. Apre l te fin mache ak vire pandan inèdtan, li te kanpe epi l te priye ankò. Li te santi enpresyon pou l te vire antre nan yon wout byen patikilye. Tousuit li te kòmanse tandè chante ki t ap soti nan sousòl yon bilding ki te tou pre a. Li te gade nan fenèt la epi l te wè kèk grenn moun ki te chita bò yon tab ki te kouvri ak yon nap blanch avèk plato Sentsèn sou li.

Kounyeya, sa gen dwa pa anyen pou nou, men, sete yon bagay ekstraòdinè pou li. Li te konnen pwomès priyè Sentsèn nan te akonpli: “Toujou sonje l, epi respekte kòmandman l yo ke li te ba yo, pou yo kapab toujou gen Lespri l avèk yo (D&A 20:77).

Sa sete sèlman youn nan egzanp sou okazyon kote l te konn priye ak fè sa Lespri a te di l Bondye te vle pou l fè. Li te kontinye fè sa atravè ane yo, jan nou menm avèk mwen ap fè a. Li pat janm te konn pale osijè esprityalite li. Li te senpleman kontinye ap fè ti bagay piti yo li te santi l pouse pou l te fè pou Senyè a.

Kèlkeswa lè yon gwoup Sen Dènye Jou te mande l pou l te pale avèk yo, li te fè sa. Sa pa t pwoblèm si te gen 10 moun oswa 50 moun, oubyen nan ki pwen l te fatigue. Li te rann temwayaj li konsènan Papa a, Pitit la, Sentespri a, ak pwofèt yo, kèlkeswa lè Lespri a te pouse l fè sa.

Pi gwo apèl li te genyen nan Legliz la sete nan gran konsèy Pieu Bonneville la, kote li te konn al retire movezèb nan fèm pieu a, epi li te anseye yon klas Lekòldidimanch. Atravè ane yo, lè l te bezwen l, Sentespri a te toujou prezan kòm konpayon li.

M te kanpe bò kot papa m nan yon chanm lopital. Manman m, madanm ni depi 41 an an, te kouche sou kabann nan. Nou t ap veye sou li pandan plizyè èdtan. Nou te kòmanse wè mak soufrans yo ki t ap disparèt

sou figi li. Dwèt nan men li, ki te fèmèn byen di yo, te relache. Bra l te vin repoze bò kote li.

Soufrans depi dè deseni anba kansè a t ap fini. M te wè yon lapè sou vizaj li. Li te pran kèk souf byen kout, epi yon ral, epi apres a li te ale. Nou te kanpe ap tann pou wè si yon lòt souf t ap vini.

Finalman, papa m te di dousman: “Yon ti pitit fi retounen lakay li.”

Li pa t kriye. Sete paske byen lontan anvan sa, Sentespri a te ba l yon vizyon klè sou kiyès manman m te ye, ki kote l te soti, sa l te devni, ak kote l prale. Lespri a te temwaye li anpil fwa sou yon Pè Selès eman, sou yon Sovè ki te kraze pouvwa lanmò, ak sou reyalite sèlman tanp li te fè avèk madanm ni ak fanmi l lan.

Byen lontan anvan sa, Lespri a te asire li ke bonte manman m ak lafwa li te kalifye l pou l retounen al nan yon fwaye selès kote yo ta pral resevwa l kòm yon bèl pitit fi pwomès epi akeyi l lakay avèk onè.

Pou papa m, sete plis pase yon esperans. Sentespri a te fè sa vin yon reyalite pou li.

Kounyeya, gen moun ki ka di pawòl li yo ak imaj nan lespri li apwopo yon fwaye selès la sete jis yon santiman dou, ke sete jijman sonb yon mari nan moman l te pèdi madanm ni. Men, li te konn verite etènèl la nan sèl fason nou ka konnen l la.

Li sete yon moun lasyans ki te pase tout vi adilt li ap chèche konn laverite sou mond fizik la. Li te konn itilize zouti lasyans yo tèlman byen ke zanmi kanmarad toupatou nan mond lan te aklame li. Anpil nan sa l te fè nan chimi yo te vini apati reprezantasyon mantal li te fè sou mouvman molekil yo, ke l te konfime atravè eksperyans nan laboratwa apres a.

Men, li te suiv yon wout diferan pou l te dekouvri verite ki te konte plis pou li ak pou nou chak yo. Se sèlman atravè Sentespri a nou ka wè moun ak evenman yo jan Bondye wè yo a.

Don sa a te kontinye nan lopital la apre madanm ni te fin mouri a. Nou

te rasanble bagay manman m yo pou n te pote yo lakay. Papa m te kanpe pou l te remèsye enfimyè ak chak doktè nou te rankontre sou wout pou n t al nan machin nan. M sonje m te santi, avèk agasman, ke nou te dwe ale pou n te ka poukont nou avèk chagren nou an.

Kounyeya m reyalize ke l te wè bagay yo senpleman jan Sentespri a te montre l yo. Li te wè moun sa yo kòm zanj Bondye te voye pou te veye sou byeneme l la. Moun sa yo te petèt wè tèt yo kòm pwofesyonèl sante, men papa m te remèsye yo pou sèvis yo te bay nan non Sovè a.

Enfliyans Sentespri a te kontinye rete avèk li lè nou te rive lakay paran m yo. Nou te pale nan salon an pandan kèk minit. Papa m te ekskize l pou l t al nan chanm ni tou pre a.

Aprè kèk minit, li te retounen nan salon an. Li te gen yon bèl souri sou figi li. Li te mache vin jwenn nou epi l te di: “M te pè pou Mildred pa t rive poukont li nan mond dèzespri a. M panse l ta ka santi l pèdi nan foul la.”

Epi, li te di jwayezman: “M fèk sot priye. M konnen Mildred oke. Manman m te la pou akeyi li.”

M sonje m te souri lè l te di sa a, m t ap imajine grann mwen, k ap kouri sou janm kout li yo, pou l travèse yon

foul moun pou l te asire ke l te la pou akeyi ak anbrase bèlfi l la lè l te rive.

Kounyeya, youn nan rezon k fè papa m te mande epi l te resevwa rekonfò sa a sete paske li te toujou priye ak lafwa depi nan anfans li. Li te abitye jwenn repons ki te vin nan kè l pou ba l rekonfò ak direksyon. Anplis abitye priye a, li te konn li ekriti yo ak pawòl pwofèt vivan yo. Se poutèt sa, li te rekonèt chichotman familye Lespri yo, ke nou pwobableman santi jodia.

Konpayi Lespri a te fè plis pase rekonfòte li ak gide li. Li te chanje l atravè Ekspyasyon Jezikri a. Lè nou aksepte pwomès sa a pou nou toujou gen Lespri a avèk nou an, Sovè a ka akòde pirifikasyon nou bezwen pou lavi etènèl la, pi gwo nan tout kado Bondye yo (D&A 14:7).

Na sonje pawòl Sovè a: “Kounyeya, men kòmandman an: Repanti, noumenm ki nan tout kwen tè yo, vin jwenn mwen, e batize nan non m, pou nou kapab sanktifye lè nou resevwa Sentespri a, pou nou kapab kanpe san tach devan m nan dènnye jou a” (3 Nefi 27:20).

Kòmandman sa yo mache avèk pwomès sa a Senyè a fè nou:

“Epi kounyeya, anverite, anverite, m di ou, mete konfyans ou nan Lespri sa a ki dirije moun pou yo fè

byen--wi, pou yo fè sa ki jis, pou yo mache avèk imilite, pou yo jije avèk lajistis; epi se Lespri pa m nan.

“Anverite, anverite, m di ou, m ap ba ou yon mòso nan Lespri m, ki pral klere panse ou, ki pral ranpli nanm ou avèk lajwa” (D&A 11:12–13).

Mwen rann temwayaj ke Bondye Papa a vivan, Jezikri resisite a ap dirije Legliz sa a, Thomas S. Monson detni tout kle prètiz yo, epi revelasyon atravè Sentespri a gide ak soutni Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo ak manm enb li yo.

Mwen temwaye tou ke mesye ekstraòdinè sa yo ki te pale avèk nou jodia kòm temwen Senyè a, Jezikri, epi antanke manm Kolèj Douz Apot yo, se Bondye ki aple yo. Mwen konnen ke Lespri a te gide Prezidan Monson pou l te aple yo. Epi, lè nou te koute diskou yo ak temwayaj yo a, Sentespri a te konfime nou sa m ap di nou la a. Se Bondye ki aple yo. Mwen soutni yo e m renmen yo e m konnen Senyè a renmen yo e l ap soutni yo nan sèvis yo. E m fè sa nan non Senyè a, Jezikri, amèn.

NÒT

1. *Manyèl Enstriksyon 2: Administrasyon Legliz la* (2010), 20,3.10.
2. Gade George Q. Cannon, nan “Minutes of a Conference,” *Millennial Star*, Me 2, 1863, 275–76.